



**ASESMENT SUMATIF AKHIR TAHUN
TAHUN PELAJARAN 2025/2026**

Mata pelajaran : Bahasa JAWA
Nama : Hari, Tanggal :
Waktu :

**A. WENEHANA TaNDHA PING (X) AKSARA A, B, C UTAWA D SANGAREPE PRATELAN
SING BENER!**

- Bocah-boah lagi mloya-mlayu ing lapangan kidul desa.
Ukara ing dhuwur iku sing kalebu tembung dwilingga salin swara yaiku
a. Bocah-bocah b. Mloya-mlayu c. Lapangan d. Kidul desa
- Anak wedus jenenge cempe, yen anak sapi jenenge
a. Bledug b. Beyes c. Pedet d. Cemeng
- Bayu, braja, maruta, pawana lan samirana iku dasanamane
a. Langit b. Geni c. Angin d. Bumi
- Gagasan pokok kang dadi dhasaran kanggo ngembangake carita diarani
a. Tema b. Judul c. Alur d. Pachelaton
- Babagan sing ora perlu dilaporke ing dalem nulis palaporan tulisan yaiku
a. Sing diamati b. Wektu ngamati c. Panggonan ngamati d. Bekal
Ngamati
- Tanduran kang wite mrambat ing lemah iku diarani
a. Pala wija b. Pala kesimpar c. Pala kependhem d. Pala kitri
- Lemah kang dikanggoake nandur lan tetanen palawija utawa tanduran liyane diarani
a. Pekarangan b. Alun-alun c. Tegalan d. Lapangan
- I) Kembang jagung arane sinuwun
II) Kembang lombok arane gleges
III) Kembang cengkeh arane polong
IV) Kembang blimbing arane maya
Arane wit lan kembang sing bener ditunjukake nomer
a. I, II, III, IV b. II lan IV c. I lan IV d. I, III lan IV
- Piranti sing digunakake petani methiki pari yaiku
a. Pacul b. Dos c. Ani-ani d. Arit
- Tuladha ukara tanggap ing ngisor iki yaiku
a. Adhi nangis goro-goro tiba
b. Budi dikongkon ibune tuku gula
c. Bayu numpak sepur seneng banget
d. Santi nyirami kembang ing pekarangan
- Tukang gawe barang saka kayu iku diarani
a. Kemasan b. Jlagra c. Pandhe d. Undhagi

12. Roni iku bocahe isinan, ora kaya kanca-kancane.
Tembung isinan iku tegese
a. Ora nduwe isin b. Seneng ngisin-ngisini c. Gampang isin d. Ora isin blas
13. Bocah kui lungguhe antheng kitiran.
Tegese sanepa ing dhuwur yaiku
a. Tansah antheng banget c. Tansah tengok-tengok nganti keturu
b. Tansah polah ora bisa meneng d. Tansah ajeg ora bisa obah
14. Rukun agawe santosa, crah
Paribasan ing dhuwur iku terusane sing bener yaiku
a. Agawe lumrah b. Agawe bungah c. Agawe susah d. Agawe bubrah

15. 

15. Aksara Jawa ing dhuwur iku unine
a. Kardi dicokot ula sawah
b. Kadir dicokot nyamuk
c. Akeh nyamuk nang sawah
d. Kadir tuku obat nyamuk
16. Ukara ing ngisor iki sing kalebu krama inggil yaiku
a. Kula dipunsukani duwet katah
b. Simbah dipunaturi sare wonten kamar
c. Adik lagi dolanan ana ing plataran
d. Bapak nembe kesah saking omah
17. Basa ngoko lugu yaiku basa kang tembung-tembunge diucapake kanthi ngoko kabeh. Basa ngoko lugu iku ora panteng diucapake
a. Wong tuwa marang anake
b. Bocah marang kancane
c. Anak marang wong tuwa
d. Wong tuwa marang wong enom
18. Pakdhe nembe ngendhikan kalian Mas Ahmad sing ana kutha Surabaya kanthi sarana
a. Televisi b. Radio c. Bis d. Telepon
19. Perangane layang kang nelakake unguh-ungguhe kang ngirim layang marang wong kang dikirim diarani
a. Adangiyah b. Titi mangsa c. Surasa basa d. Wasana basa
20. Kembang kencur, gandha sedhep sandhing sumur
Kudu jujur,
Lanjutane parikan ing dhuwur yaiku
a. Yen kepengen uripe ajur c. Yen kepengen nduweni sumur
b. Yen kepengen uripe makmur d. Yen kepengen tuku kasur
21. Perang Baratayudha iku perange Pandhawa kalian
a. Prabu Kresna b. Kurawa c. Punakawan d. Ramayana



22.

Gambar wayang ing dhuwur iku jenenge

- a. Raden Janaka b. Raden Duryudana c. Raden Nakula d. Raden Werkudara

Gatekna macapat ing ngisor iki!

Gambuh

Laras Pelog Patet Barang

Sekar gambuh ping catur

Kang cinatur polah kang kalantur

Tanpa tutur katula-tula katali

Kadaluwarsa kapatuh,

Kapatuh pan dadi awon

23. Macapat ing dhuwur iku guru gatrane ana

- a. 7 larik b. 5 larik c. 6 larik d. 10 larik

24. Guru wilangan ing tembang macapat ing dhuwur yaiku

- a. 7, 10, 12, 8, 8 b. 7, 9, 10, 7, 8 c. 7, 7, 8, 8, 9, 9 d. 8, 10, 12, 7, 7

25. Saben panggonan iku nduwe cara utawa adat dhewe-dhewe

Ukara ing dhuwur iku paribasane

- a. c. Desa mawa cara, negara mawa tata
b. Rawe-rawe rantas, malang-malang putung
c. Jer basuki mawa bea
d. Adigang adigung adiguna

26. Pitik tukung lan padhang bulan kalebu tembang

- a. keroncong
b. Dolanan
c. pop
d. Macapat

27. Cacahe gatra saben sapada ing tembung macapat diarani

- a. guru gatra
b. guru wilangan
c. guru sastra
d. guru lagu

28. Cacahe wanda (suku kata) saben sagatra ing tembang macapat diarani

- a. guru lagu
b. guru sastra
c. guru gatra
d. guru wilangan

29. Wacanen kang patitis wacan tembang macapat ing ngisor iki!

Kinanti

Padha gulungen ing kalbu,
ing sasmita amrih lantip,
aja pijer mangan nendra,
ing kaprawiran den kaesthi,
pesunen sariranira,
sudanen dhahar lan guling.
Dadia lakunireku,
cegah dhahar lan guling,
lan aja sukan-sukan,
anganggoa sawatawis,
ala watake wong suka,
nyuda prayitnaning batin.
Yen wis tinitah wong agung,
aja sira nggunggung dhiri,
aja leket lan wong ala,
kang ala lakunireki,
nora wurung ajak-ajak,
satemah anelulari.

Tembang ing dhuwur kalebu jenise tembang Macapat

- a. kinanthi
- b. pucung
- c. asmarandana
- d. maskumambang

30. Wacana tembang Macapat ing dhuwur dumadi saka ... pada.

- a. 1
- b. 2
- c. 3
- d. 4

31. Saben pada wacana tembang ing dhuwur dumadi saka ... gatra.

- a. 3
- b. 4
- c. 5
- d. 6

32. Ing pada 1 wacana kasebut becike dadi siswa kudu bisa nglatih diri supaya

- a. biasa
- b. kulina
- c. pinter
- d. trampil

33. Ing pada 1 wacana kasebut becike dadi wong aja mung nggedhekake

- a. mangan karo turu
- b. mangan karo ngombe
- c. mangan karo sinau
- d. mangan lan dolanan

34. Tetembungan kaprawiran den kaesthi ing pada 1 wacana kasebut tegese kaprawiran kudu ditindaake kanthi

- a. sembrana
- b. temen
- c. sabisane
- d. Sakarepe

35. Bakune gagasan (pokok pikiran) sing bisa dijupuk saka pada 1 wacana kasebut, yaiku

- a. dadi wong iku santai wae
- b. wong urip iku ora usah ngaya, mangan lan turu kudu cukup
- c. dadi wong iku antarane nyambut gawe lan istirahat kudu cukup
- d. wong urip iku kudu akeh nglatih dhiri supaya pinter, aja mung nggedhekake mangan lan turu

36. Tegese ukara dadia lakunireku lan aja sukan-sukan ing pada 2 wacana kasebut, yaiku dadi wong iku aja mung urip

- a. sedhih
- b. susah
- c. prasaja
- d. seneng-seneng

37. Tibane swara vokal ing pungkasan gatra diarani

- a. guru gatra
- b. guru lagu
- c. guru sastra
- d. guru wilangan

38. Sagung para rawuh sadaya, Mugi pinayungan nugraha yekti, Asih tresna Allah satuhu, Tansaha kasasira, Puja puji syukur saha sembah sujud, Konjuk ing ngarsa paduka, Gusti Allah Maha Suci.

Tembang macapat ing dhuwur iku guru gatrane ana ... larik

- a. 6
- b. 5
- c. 8
- d. 7

39. Sekar gambuh ping catur, Kang cinatur polah kang kalantur, Tanpa tutur katula-tula katali, Kadaluwarsa kapatuh, Kapatuh pan dadi awon Guru wilangan ing tembang macapat ing dhuwur yaiku

- a. 7, 9, 10, 7, 8
- b. 7, 10, 12, 8, 8
- c. 7, 7, 8, 8, 9, 9
- d. 8, 10, 12, 7, 7

40. Tembang sing dudu tembang macapat yaiku

- a. Asmaradana
- b. megatruh
- c. cublak-cublak suweng
- d. kinanthi

